

VIII. PILIHAN KECAP JEUNG HARTI

A. TUJUAN PEMBELAJARAN

Mahasiswa mibanda pangaweruh anu jugala ngeunaan pilihan kecap jeung harti dina basa Sunda. Tujuan husus anu kudu kahontal tina ieu pangajaran, nya eta mahasiswa mampu:

- (1) ngeceskeun watesan kandaga kecap;
- (2) ngeceskeun wanda kandaga kecap;
- (3) ngeceskeun watesan harti kecap;
- (4) ngeceskeun warna harti;
- (5) ngeceskeun robahna harti; jeung
- (6) ngeceskeun adegan kandaga kecap.

B. AMBAHAN BAHAN AJAR

Bahan ajar anu bakal dipidangkeun dina ieu lawungan atawa pajemuhan patali jeung perkara pilihankecap jeung harti, nya eta (1) watesan kandaga kecap, (2) wanda kandaga kecap, (3) watesan harti kecap, (4) warna harti, (5) robahna harti, jeung (6) adegan kandaga kecap. Wincikan tiap-tiap bahan ajar dibabarkeun di handap ieu.

1. Pilihan Kecap

a. Watesan Kandaga Kecap

Pilihan kecap atawa diksi mangrupa cara-cara milih kecap atawa kandaga kecap pikeun dipake dina komunikasi. Pilihan kecap gede gunana sangkan kecap-kecap anu dipake teh luyu jung kabutuh nepi ka henteu matak nimbulkeun salah paham.

Istilah kandaga kecap, kabeungharan kecap, kajembaran kecap (kosa kata; vocabulary) asalna tina basa Yunani *léxikon* hartina ‘kecap’ kandaga kecap atawa léksikon bisa dihartikeun ‘(1) sajumlahing kecap anu aya dina hiji basa; (2) kecap-kecap anu geus dipikanyaho tur diparaké ku jalma atawa sababuhan jalma di hiji basa; (3) sajumlahing morfém bébas anu aya dina hiji basa; (4) istilah; kecap-kecap anu dipaké dina élmu

pangaweruh; jeung (5) kamus; daptar sapuratina kecap nu disusun dilengkepan ku wangenan atawa katerangan.

Bagian tina élmu basa anu ngulik jeung medar kandaga kecap, asal-usulna, selang surupna, parobahan, tur kamekaran kandaga kecap sok disebut léksikologi. Bagian léksikologi anu maluruh asal-usulna kandaga kecap disebut etimologi, ari anu maluruh cara mata kandaga kecap jadi kamus disebut léksikografi.

b. Wanda Kandaga Kecap

1) Kecap Sampakan jeung Kecap Serepan

Kandaga kecap basa Sunda téh tumuwuh jeung mekar ti mangsa ka mangsa. Ari mekarna téh kapangaruhan ku basa deungeun atawa basa kosta. Sakapeung kecap (ungkara) tina basa lian téh tara karasa deui asing. Sangkan mikanyaho asal-usulna kandaga kecap hiji basa, urang perlu ngulik jeung maluruh eta pakecapan. Ilmu anu maluruh jeung ngulik asal-usul kandaga kecap atawa pakecapan hiji basa, parobahan, katut kamekaranana, disebut *étimologi*.

Ku lantaran kandaga kecap teh tumuwuh jeung mekar, nya dina hiji basa teh aya *kecap sampakan*. Kecap sampakan nya eta kandaga kecap anu tulen atawa asli dina eta basa. Kecap sampakan dina hiji basa ilaharna mangrupa kandaga kecap dasar. Ari nu dimaksud ku kandaga kecap dasar nya éta sajumlahing kecap anu asli dina hiji basa tur saeutik pisan kamungkinanana diserep tina basa kosta, biasana relatif angger. Anu kagolong kana kandaga kecap dasar, di antarana baé, ebreh di handap ieu.

- a) *Istilah pancakaki*: ema, bapa, aki, uyut, bao, janggawareng, udeg-udeg, gantung siwur, karuhun, jsté.
- b) *Ngaran babagian awak*: sirah, rambut, panon, cepil, jsté.
- c) *Kecap pagawéan dasar*: dahar, saré, hudang, mandi, jsté.
- d) *Kecap sipat dasar*: resep, gering, gumbira, jsté.
- e) *Kecap Bilangan dasar*: hiji, dua, tilu, opat, lima, jsté.
- f) Barang universal kayaning.
 - (1) ngaran waktu: *pajar, balébat, haneut moyan*, jsté.
 - (2) Ngaran poé: *Senén, Selasa, Rebo, Kemis*, jsté.
 - (3) Ngaran bulan: *Januari, Pebruari, Maret*, jsté.
 - (4) Ngaran perkembangan: *gélényé, ingwang, dingdet*;
 - (5) Ngaran anak-anakan: *belo, begog, rarong, énéng*;

- (6) Ngaran undagi (arsitektur): *cempéd, hontob, darurung, émpér, sosompang.*
- (7) Ngaran patukangan: *anjun, legig, maranggi, panday;*
- (8) Ngaran pakakas tani: *pacul, koréd, étém, garpuh;*
- (9) Ngaran usum: *mamaréng, halodo, ngijih, jsté.*

Kecap serepan mangrupa kandaga kecap sampeuran atawa pangaruh tina basa asing. Asupna atawa nyerepna kecap asing kana basa Sunda dibalukarkeun ku rupa-rupa hal. Kahiji, balukar campur gaul panyatur hiji basa jeung panyatur basa lian. Kadua, balukar tina pasosokna basa nu hiji jeung basa sejenna. Katilu, balukar tina kecap sampakan henteu mampuh nyumponan sakumna kabutuh komunikasi para panyatur basa.

Asupna kecap serepan dina basa Sunda bisa tina rupa-rupa sumber, boh basa dulur (basa daerah sejen di Indonesia) boh basa kosta (basa asing). Di handap ieu diberendelkeun sawatara conto sumber kandaga kecap basa Sunda. Geura urang tataan hiji-hijina.

- a. Basa Jawa : *adus, bisa, carik, dusun, kulem, lali, lebaran, ngimpen, rega, sasih.*
- b. Basa Arab : *ajaib, dunya, gaib, hakim, hak, iman, jilid, kekal, paham, waktu.*
- c. Bahasa Cina : *cengkéh, loncéng, loténg, mie, panggung, tauco, tahu. Siomay, bapau.*
- d. Basa Inggris : *aktip, badminton, cék, gul, kaptén, méter, suksés.*
- e. Basa Portugis : *armada, bandéra, kamer, biola, jandéla, kaméja, ronda, roda.*
- f. Basa Parsi : *bandar, gandrung, jam, kawin, pasar, tahta, laskar.*
- g. Basa Sansekerta: *kerta: agama, bumi, cahaya, cakra, istana, rusiah, nista, widadari.*
- h. Basa Tamil : *cuka, martil, pinggan, tilam.*
- h. Basa Walanda : *baki, bengkel, bor, élo, duit, kartu, kopi, lampu, pelesir.*

2) Kecap Populer jeung Kecap Kajian (Istilah)

Kecap kajian atawa istilah biasana dipatukangtonggongkeun jeung kecap populer. Kecap kajian nya eta kecap anu dipake dina hiji widang paelmuan atawa lingkungan nu tangtu. Ari kecap populer nya eta kecap

anu sipatna umum anu dipake ku masarakat panyaturna dina kahirupan sapopoe.

Disawang tina wangunna, kecap kajian atawa istilah nya éta kecap atawa kantétan kecap anu kalawan gemet nggambarkeun hiji konsep, prosés, kahanan, atawa sipat nu aya dina hiji widang paelmuan. Aturan nyieun jeung ngawangun istilah disebut *tata istilah*. Dina basa Indonesia mah geus aya buku *Pedoman Pembentukan Istilah* wedalan Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa, Jakarta. Ari dina basa Sunda mah can aya.

Sakumna kandaga kecap basa Sunda bisa dipaké bahan ngawangun istilah asal nyumponan pasarakat kieu.

- (1) Mun aya dua kecap atawa leuwih anu hartina sarua mirip, keur istilah dipilih nu pangmerenahkeun tur nu teu ngahudang rupa-rupa tapsiran, contona: *ngurus, miara, ngamumule, ngariksa, ngaraksa, mulasara*, jsté.
- (2) Upama aya dua kecap atawa leuwih anu sarua maksudna, pikeun istilah dipilih kecap nu pangpondokna, contona: nu miluan—*pamilon*; tukang tani—*patani*, jsté.
- (3) Upama aya dua kecap atawa leuwih anu sarua hartina tapi béda ajénna (konotasina), pikeun istilah dipilih istilah anu konotasina hadé tur ngeunah kadéngéna, contona: ungkluk—*tunasusila*; awéwé—*wanita*, jsté.

Aya rupa-rupa istilah anu sok dipake dina basa Sunda, boh istilah sampakan atawa tulen basa Sunda boh istilah sampeuran atawa serepan tina basa kosta (asing). Geura urang tengetan rupa-rupa eta istilah teh.

- (a) Istilah kaulinan: *ucing sumput, beklen, jujungkungan, babangkongan*;
- (b) Istilah paelmuan: *metode, data, tehnik, analisis*;
- (c) Istilah teknologi: *canggih, satelit, telepon, mesin*;
- (d) Istilah tatanen: *macul, tandur, ngarambet, panen, binih, cangkakan*;
- (e) Istilah organisasi: *pingpinan, anggota, girang serat, panata harta*;
- (f) Istilah olahraga: *wasit, galandang, opset, kiper, serpen*;
- (g) Istilah kasenian: *suling, cianjuran, sirimpi, tari, nayaga, sinden*;
- (h) Istilah kasehatan: *salatri, peujit koreseun, rorombeheun, nongtot bool (ambeyen)*;
- (i) Istilah industri: *pabrik, limbah, tekstil, tinunan*;


- (j) Istilah pancakaki: indung, bapa, nini, aki, buyut, bao, udeg-udeg, janggawareng;
- (k) Istilah kaagamaan: takwa, imam, modin, rakaat, solat;
- (l) Istilah arsitektur (undagi): suhunan, ampig, pangheret, tihang, kenteng;
- (m) Istilah geografi: walungan, gunung, pasir, padataran, sawah, balong;
- (n) Istilah pariwisata: wisatawan, wisma, obyek wisata, wana wisata, wisata bahari;
- (o) Istilah pakakas: pacul, peso, piring, traktor, obeng;
- (p) Istilah patukangan: ragaji, kampak, tatah, palu, sugu;
- (q) Istilah kadaharan/inuman: comro, misro; bajigur, lahang, bandrek;
- (r) Istilah sasatoan: eneng, belo, nanahaon, menel, pedet, piyik;
- (s) Istilah tutuwuhan: tangkal, daun, dahan, akar, buah, kembang, olohok, ringsang;
- (t) Istilah anggota awak: sirah, irung, panon, baham, suku, rambut, leungeun;
- (u) Istilah waktu/usum-usuman: pecat sawed, janari; mamareng, ngijih.

2. Harti Kecap

a. Watesan jeung Aspek Harti

Harti téh nya éta patalina antara lambang omongan jeung objék (*réferen*) anu dimaksudna. Harti mangrupa eusi (maksud) anu dikandung ku kecap atawa omongan; naon-naon anu dimaksud ku panyatur basa. Harti disebut oge konsep atawa pikiran tina acuan.

Lambang sora jeung harti téh raket patalina sabab basa téh mangrupa gunggung wangun jeung harti. Upama urang ngadéngé hiji kecap, tangtu baé urang bakal nyipta kumaha ‘wujud barangna’ sarta bakal ngarti kana naon nu dituduhkeun ku éta objék téa. Hubungan antara lambang sora, harti, katut objékna bisa digambarkeun saperti ieu di handap.



Omongan manusa téh hakekatna mah ngandung harti anu gumulung tina opat aspék, nya éta *tema, rasa, nada, jeung amanat*. Tema (*sense*) nya éta jejer (ide, pokok pasualan) nu keur dicaritakeun; rasa (*feeling*) nya éta harti disawang tina sikep panyatur kana tema; nada (*tone*) nya éta harti disawang tina sikep panyatur ka paregep; jeung amanat (*intention*) nya éta maksud nu ditepikeun ku panyatur ka paregep. Contona:

Isuk-isuk teuing datang teh, Jang?


Éta kalimah téh diucapkeun ku guru ka muridna nu datangna kabaurangan. Lamun dianalisis tina aspék hartina, bakal ebreh yen eta kalimah ngandung:

- tema : wawaran yen ‘aya budak sakola kabaurangan’
- rasa : nuduhkeun ‘kahandeueul jeung kakeuheul’
- nada : nuduhkeun ‘nyindiran’, da ngandung maksud sabalikna, lain isuk-isuk, tapi beurang
- amanat : ‘nanyakaeun naha datang téh beurang-beurang teuing’.

b. Warna Harti

Harti dina hiji basa bisa dipasing-pasing jadi sababaraha rupa warna (Sudaryat, 1991:106), di antarana, ebreh dina bagan di handap ieu.

Bagan 8.1: Warna Harti



1) *Harti Léksikal*

Harti léksikal nya éta harti unsur-unsur basa nu mangrupa lambang barang, hal, objék, jsté. Harti léksikal ngawengku dua bagian, nya éta (1) harti langsung jeung (2) harti injeuman.

a) *Harti Langsung*

Harti langsung nya éta harti anu langsung nuduhkeun konsep nu tangtu tina hiji objék. Biasa oge disebut harti puseur, denotatif, konseptual, referensial, kognitif, logikal, jeung deskriptif, contona: *Kembang ros keur meujeuhna mangkak alus dipipit ku nu ngaliwat.*

Harti langsung bisa dibagi dua rupa, nya éta: (1) harti jembar nya éta harti anu sipatna umum, jembar, tur ngaragrum harti-harti sahandapeunana anu leuwih heureut; jeung (2) harti heureut nya éta harti anu sipatna husus, heureut, tur karagum ku harti-harti saluhureunana anu leuwih jembar, contona dua rupa harti téh saperti ieu di handap.

Harti jembar *ngala*: ‘nyokot barang tina hiji barang atawa tina hiji tempat.’ Harti heureutna:

- | | |
|---------------------|-------------------|
| (1) <i>dibuat</i> | : ‘ngala paré’ |
| (2) <i>metik</i> | : ‘ngala buah’ |
| (3) <i>mipit</i> | : ‘ngala kembang’ |
| (4) <i>ngundeur</i> | : ‘ngala lalab’ |

b) Harti Injeuman

Harti injeuman (asosiasi) nya éta harti anu teu langsung nuduhkeun objékna, biasana ngandung rasa, tapsiran, jeung ingétan kana objék séjén. Harti injeuman téh aya sababaraha rupa kayaning.

- 1) Harti *konotatif* nya éta harti injeuman anu mangrupa tambahan kana harti langsung, contona: “Endah téh di PGSD mah *bentangna*.” (hartina ‘pangpinterna; panggeulisna’)
- 2) Harti *aféktif* (émotif) nya éta harti injeuman anu muncul balukar ayana pamandangan panyatur kana hiji objék binarung rasa atawa émosi, contona: *nyatu, ngalebok, lolodok, dahar, neda, tuang* hartina mah sarua ‘ngasupkeun kadaharan kana sungut’, tapi rasa nu dikandung béda.
- 3) Harti *réfléktif* nya éta harti injeuman anu muncul lantaran paregep matalikeun hiji harti langsung jeung harti langsung séjénna nepi ka muncul réfléksi kana harti séjén téa. Ieu harti téh kabagi dua, nya éta harti piktorial jeung géréfléktif.
 - (1) Harti *piktorial* nya éta harti anu muncul dina saban-saban kecap atawa ungkara basa anu matak nimbulkeun rasa rujit, geuleuh, ngéwa, tugenah, matak pikanyerieun batur, jeung ngalanggar kasopanan. Contona: “Tuang putra teh kirang majeng” (hartina ‘bodo’).
 - (2) Harti *geréfléktif* nya éta harti anu muncul balukar tanggapan nu maké basa kana harti séjén. Ieu harti téh muncul kana ungkara anu raket patalina jeung kapercayaan masarakat kana hal-hal anu sipatna magis atawa kapercayaan. contona: *apu* upama ti peuting sok diganti ku *tai manuk*.
- 4) Harti *stilistik* nya éta harti anu biasana aya dina gaya basa atawa rakitan basa anu dipaké sangkan nimbulkeun pangaruh anu leleb karasana ka paregep. Contona: *Gaduh tanah teh ge mung satapak peucang*” (gaya basa ngasor (litotes) nu hartina sabalikna ‘lega’)
- 5) Harti *kolokatif* nya éta harti anu ngan bisa muncul dina lingkung kecap (ungkara) anu sarua, contona: *geulis, camperenik, lenjang, demplon, donto*, jeung *bahono* ngan tumerap ka awéwé.
- 6) Harti *idiomatik* nya éta harti anu aya dina pakeman basa (idiom) atawa wangunan basa anu husus sarta teu bisa dihartikeun salantrahna

nurutkeun unsur-unsurna, contona: “*Cing pangmegatkeun sado kosong!*” (maksudna ‘sado nu taya panumpangna’)

b. Harti Struktural

Harti struktural nya éta harti anu muncul balukar patepungna unsur-unsur basa. Harti struktural aya dua rupa, nya éta (1) harti gramatikal jeung (2) harti tématis.

Harti gramatikal nya éta harti anu muncul balukar patepungna wangun-wangun gramatik (morfém, kecap, frasa, klausa, kalimah) dina wangun gramatik anu leuwih jembar. Contona:

ka + tincak – katincak hartina ‘teu kahaja’

jung + nangtung – jung nantung hartina ‘aspék inkoatif’

Harti tematikal nya éta harti anu muncul balukar museurkeun paniten jeung nekenkeun lentong kana salah sahiji unsur basa anu dipentingkeun. Contona:

Aya nu maot dilengkahan ucing hirup.

Eta kalimah teh ngabogaan sababaraha tapsiran harti lamun randagen ngucapkeunana beda-beda, saperti ebreh di handap ieu.

Aya nu maot / dilengkahan ucing hirup.

Aya nu maot / dilengkahan ucing / hirup.

Aya nu maot dilengkahan / ucing hirup.

c. Robahna Harti

Harti dina hiji basa téh mindeng robah. Aya lima perkara anu jadi panglancar kana robahna harti, nya éta (1) basa mibanda sipat barobah, (2) dina basa sok aya wangunan samar (*vaguaness*), (3) dina basa sok aya wangunan anu miganda harti (*ambiguous*), jeung (4) ayana struktur léksikal. Jaba ti éta, aya genep faktor panyabab robahna harti, nya éta faktor (a) kabasaan (lingusitik), (b) kamasarakatan (sosiologis), (c) kajiwaan (psikologis), (d) kasajarahana (historis), (e) basa deungeun, jeung (f) pangabutuh kana kecap anyar.

Parobahan harti téh aya sababaraha rupa atawa prosés, nay eta (1) ngajembaran, (2) ngaheureutan, (3) ngaluhuran, (4) ngahandapan, (5) ngupamakeun jeung (6) matukeurkeun. Ayeuna urang pedar hiji-hijina.

Ngajembaran (Generalisasi) robahna harti kecap anyar ambahanana leuwih jembar batan harti kecap heubeul. Contona, kecap *bapa* harti asalna ‘sesebutan ka kolot lalaki’ (istilah pancakaki’), ayeuna

hartina ngalegaan jadi ‘sesebutan ka unggal jelema nu dianggap dipihormat’.

Ngaheureutan (Spesifikasi) nya éta robahna harti kecap anyar anu ambahanana leuwih heureut batan harti kecap heubeul. Contona, kecap *sarjana* harti asalna ‘jalma nu luhung ku élmu, jembar pangabisa; ayeuna hartina ngaheureutan jadi ‘gelar akademis ti paguron luhur’.

Ngaluhuran (Ameliorasi) nya éta robahna harti kecap anyar anu ajénna leuwih luhur batan harti kecap heubeul. Contona, kecap *wanita* harti asalna ‘sesebutan keur ka sato bikang, robahan tina banita, batina, betina hartina ‘anu dipikahayang’; ayeuna mah ajénna karasa leuwih luhur batan awéwé.

Ngahandapan (Pejorasi) nya éta robahna harti kecap anyar anu ajénna leuwih handap batan harti kecap heubeul. Contona, kecap *gorombolan* harti asalna mah ‘sabubuhan jelema’; ti jaman baruntakna DI/TII konotasina karasa leuwih handap nya éta ‘sabubuhan jelema anu pagawéanana ngaganggu kaamanan’.

Ngupamakeun (Asosiasi) nya éta robahna harti kecap hiji perkara lantaran mibanda sipat nu sarua jeung kecap lian. Contona:

“Bi, pangmésérkeun *amplop!*” (= ‘bungkus surat’)

“Mun dibere *amplop* mah, lulus geura gawe teh.” (= ‘duit panyogok’)

Matukeurkeun (Sinestesis) nya éta robahna harti kecap lantaran patukeurna pananggap (responsi) antara dua anggahota awak (indra) anu béda, contona:

“Sangu téh *bear* geuning?” (= indra pangrasa)

“Ku naon Ceu Icich paromanna *bear* kitu?” (= indra paningal)

3. Adegan Kandaga Kecap

Adegan kandaga kecap atawa struktur leksikal nya eta patali wangun jeung hartina antara kecap nu hiji jeung kecap lianna. Adegan kandaga kecap ngawengku (1) kecap saharti, (2) kecap sabalikna, (3) kecap sangaran, (4) kecap sawengku, (5) kecap anekaharti, (6) kecap sawanda, jeung (7) kecap wacahan. Ayeuna urang pedar hiji-hijina.

- a. *Kecap saharti (sinonim)* nya éta kecap anu sarua hartina jeung kecap lian, contona: *beunghar* = kaya, jegud, sugih, mukti.
- b. *Kecap sabalikna (sntonim)* nya éta kecap anu hartina lalawanan tina kecap lian, contona: beurang x peuting.

- c. *Kecap sangaran (homonim)* nya éta kecap anu ngaranna sarua jeung kecap séjén, tapi hartina béda. Kecap sangaran ngawengku dua rupa:
- (1) Kecap *sawangun* (homograf) nya éta kecap anu wangunna sarua tapi béda hartina. Ieu wangun téh ngan aya dina tulisan biasa sabab dina tulisan resmi mah tulisan *é /ɛ/* téh dibédakeun jeung *e /e/*, contona:
 - apel* = 1) ngaran bungbuahan
 - 2) upacara
 - (2) Kecap *sasora, sauni* (homofon) nya éta kecap anu ucapanana sarua, tapi wangun jeung hartina béda.
 - bank* = ‘lembaga keuangan’
 - bang* = ‘beureum; akang’
- d. *Kecap sawengku (hiponim)* nya éta kecap-kecap anu hartina kawengku ku harti kecap lian, contona: *malati, campaka, dahlia, sedepmalem, angrék* mangrupa hiponim tina kecap kembang.
- e. *Kecap anekaharti (polisemi)* nya éta kecap-kecap anu ngandung harti leuwih ti hiji, tapi hartina téh masih kénéh aya patalina jeung harti puseur, contona: *korban* hartina:
- 1) ‘wadal’
 - 2) ‘barang pangbakti’
 - 3) ‘nu nandangan kasusah’
 - 4) ‘nu kacilakaan’
- f. *Kecap wacahan* nya éta kecap-kecap anu mangrupa singgétan atawa pondokna tina ungkara séjén. Kecap wacahan ngawengku:
- (1) *Kecap tingkesan (akronim)* nya éta kecap wacahan nu mangrupa gabungan engang-engang atawa aksara-aksara nu diucapkeun jadi hiji kecap, contona:
 - *Depdiknas*: Departemen Pendidikan Nasional
 - *rudal*: peluru kendali
 - (2) *Kecap singgétan (kontraksi)* nya éta kecap wacahan nu mangrupa gabungan aksara-aksara atawa engang-engang tapi teu diucapkeun jadi hiji kecap, contona:
 - *UPI* : Universitas Pendidikan Indonesia
 - *spk.* : saparakanca
 - (3) *Kecap tangkesan (haplologi)* nya éta kecap wacahan nu mangrupa gabungan aksara-aksara atawa engang anu ngaruntuy tur babarengan. Biasana muncul lantaran sora atawa engangna sarua, atawa rusuh teuing ngomong, contona:

- anak aing → anaking
 - dewek mah → dekah
- (4) *Kecap memet (reduksi)* nya éta kecap wacahan anu diwangun ku cara ngaleungitkeun bagian kecap atawa frasa tina kalimah tur dicokot engang nu pentingna. Contona;
- *comro* tina ‘kadaharan anu oncom ti jerona’
 - *sukro* tina ‘kadaharan nu suuk di jerona’
- (5) *Kecap sirnaan (preosiopsis)* nya éta kecap wacahan nu diwangun tina hiji kecap ku cara miceun sawatara fonémna tanpa ngarobah harti. Kecap sirnaan ngawengku:
- (a) Sirnapurwa (afesis) nya éta kecap sirnaan anu leungit foném atawa engang di awal kecap.
- adhyaksa* → jaksa
umilu → milu
- (b) Sirnamadya (sinkope) nya éta kecap sirnaan anu leungit foném atawa engang di tengah kecap.
- tohtor* → totor
pramaiswari → prameswari
- (c) Sirnawekas (apokope) nya éta kecap sirnaan anu leungit foném atawa engang di akhir kecap.
- benzine* → bénsin
president → présidén

g. *Kecap Sawanda (Similasi)*

Kecap sawanda nya éta kecap anu wangun jeung hartina meh sarua atawa memper. Contona:

getih ---- *geutah*
soko ---- *suku*
nongtot ---- *néngtét*
tanggah---- *tonggoh*

C. RANGKUMAN

Pilihan kecap (diksi) mangrupa cara milih-milih kecap sangkan dipakena keuna. Pilihan kecap teh patali jeung kandaga kecap, nya eta sajumlah kecap nu aya dina hiji basa. Kandaga kecap boga wanda, adegan, jeung harti nu tangtu. Disawang tina asalna, aya kecap sampakan jeung kecap serepan. Kecap sampakan mangrupa kecap asli dina hiji basa, biasana patali jeung kandaga kecap dasar, saperti ngaran *pancakaki*,

ngaran babagian awak, kecap pagawéan dasar, kecap sipat dasar, kecap bilangan dasar, jeung barang universal. Kecap serepan mangrupa kecap anu asalna tina basa kosta seperti Arab, Walanda, Inggris, Portugis, jsté. Disawang tina tempat dipakena, aya kecap populer jeung aya kecap kajian (istilah). Kecap populer dipake dina rupa-rupa widang kahirupan, ari kecapkajian mah ngan dipake dina widang (paelmuan) nu tangtu.

Unggal kandaga kecap miboga harti, nya eta eusi nu dikandung ku kecap. Harti mangrupa hubungan antara kecap jeung objekna. Aya rupa-rupa harti saperti harti leksikal jeung harti struktural. Harti leksikal aya nu sipatna konseptual (langsung) aya anu asosiatif (injeuman). Harti injeuman bisa mangrupa harti konotatif, afektif, emotif, replektif, kolokatif, jeung idiomatis.

Harti dina hiji basa bisa robah. Robahna ku rupa-rupa faktor saperti linguistik, sosiologis, psikologis, jsté. Aya rupa-rupa robahna harti saperti ngalegaan, ngaheureutan, ngaluhuran, ngahandapan, patukeur tanggapan, jeung ngupamakeun.

Kandaga kecap oge miboga adegan nu tangtu nu disebut struktur leksikal. Aya rupa-rupa adegan kecap saperti kecap saharti, kecap sangaran, kecap sabalikna, kecap sawengku, kecap sawanda, kecap aneka harti, jeung kecap wacahan.

D. LATIHAN

Jawab sakur pananya di handap ieu!

1. Tetelakeun nu dimaksud ku kandaga kecap!
2. Tetelakeun tur contoan ngeunaan kecap sampakan jeung kecap serepan!
3. Ari kecap tina basa daerah sejen bisa disebut kecap serepan? Jelaskeun!
4. Sebutkeun lima istilah dina basa Sunda!
5. Naon bedana harti leksikal jeung harti struktural atawa gramatikal! Contoan!
6. Jelaskeun tur contoan ngeunaan harti replektif!
7. Tetelakeun tur contona bedana kecap saharti, kecap sangaran, jeung kecap sabalikna!
8. Sebutan rupa-rupa parobahan harti tur contoan!
9. Tetelakeun bedana harti idiomatis jeung harti stilistik!
10. Kaasup kana parobahan harti naon kalimah di handap ieu?

Hate kuring mah henteu *geuneuk* teu *maleukmeuk*.

